# Тыбылты Алыксандр (1887–1937)





рæстæг ирон адæмы экономикæ, рухсад, литературæ, æппæт культурæ ныллæууыд рæзыны фæндагыл.

Уыцы дуджы Ирыстоны зонадон æмæ культурон араæзтады тæккæ зынгæдæр кусджытæй иу уыди Тыбылты Алыксандр.

Уый йæ хъару радта зонадон, литературон, педагогон æмæ æхсæнадон куыстæн.

# Тыбылты Арсены фырт

Алыксандр райгуырди **1887 азы 4 февралы** Хуссар Ирыстоны Цхинвалы районы, Залдайы хъæуы зæхкусæг бинонты 'хсæн.



# Алыксандыры райгуырæн хъæу, 1972 аз.

**1910 азы Алыксандр иттæг хорз каст фæци Калачы (Тбилисы) лæппуты 5-æм гимназ.**

**1915 азы иттæг хорз каст фæци Новороссийскы университеты истрион-филологон факультет æмæ райста фыццаг къæпхæны диплом.**

**1915–1918 азты Кубета Калачы 5-æм гимназы уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæгæй.**

**1918 азы 28 майы–1 июны бафтыд Хуссар Ирыстоны делегатты III съездмæ. Уыцы съезды фæстæ Алыксандр сфæнд кодта Хуссар Ирыстоны революцион змæлды ахъаззаг хайад райсын.**

бынаты куы баззад, уæд Тыбылты Алыксандр Цæгат Кавказмæ алыгъд. Уым æртæ азы дæргъ куыста ахуырады хайады оргæнты, кодта ахуыргæнæджы куыст дæр.

ærыздæхт Хуссар
Ирыстонмæ æмæ
зæрдиагæй бавнæлдта
зонадон æмæ
æхсæнадон куыстмæ.
Уый стыр куыст бакодта
ирон мыхуыр сраæвдз
кæныныл.



Dúnejy proletartæ, baiū ut!

# XÚRZÆRIN

Dydæg, 1æg ianvar, 1924 az.

Gazet „XÚRZÆRINY"

„Xúrzærin"

Soveton Uæræse æmæ Kapitaliston dune

1924 … айдта Хуссар Ирыстоны фыццаг газет «Хурзæрин» рауадзыныл. Къорд азты уыд газеты редакторы хæдивæг, секретарь.

журнал «Фидиуæг». Алыксандр уыди йæ бындурæвæрджытæй иу æмæ йæ литературон редактор. 1930 азы Хуссар Ирыстоны сырæзт чиныгуадзæн «Хурзæин», йæ правленийы уæнг уыди Тыбылты Алыксандр дæр.



Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты I съезды президиум, 1930 аз.



**Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты I съезды архайджытæ, 1930 аз.**

**1931–1933 азты Алыксандр уыд Цхинвалы литературон газет «Большевикон аивад»-ы редколлегийы уæнг. Тыбылты Алыксандр тынг бирæ бакуыста адæмон рухсады хъуыддаджы дæр.**

араздджытæй иу.
1924 азы Цхинвалы байгом Хуссар Ирыстоны педагогон техникум. Уым дæр куыста Алыксандр.
1931 азы Алыксандыры уынаффæмæ гæсгæ Цхинвалы байгом медтехникум. Абон дæр дзы цæттæ кæнынц кæсдæр медицинон кадртæ.

институты Советы æмбырд. Уым Алыксандр Пединституты бакæныны тыххæй информации сарæзта.

1932 азы Хуссар Ирыстоны байгом ис пединститут.

1935 азы рацыд журнал «Æхххуыс ахуыргæнæгæн». Йæ редколлегийы уæнгтæй иу уыди Алыксандр.



# олимпиадæйы оргкомитет,
# 1933 аз.



# пединституты I рауагъд, 1935 аз.



Ирыстоны культурæ æмæ рухсады кусджыты æмбырд, 1935 аз.

Алыксандр иртæста ирон æвзаджы, литературæйы, фольклоры ахсджиаг проблемæтæ. Æвзаджы фарстатæ кæм иртасы, ахæм куыстыæ сты 50 бæрц:

- «Хуссар Ирыстоны диалектикæ»
- «Ирон орфографийы хъуыддаг»
- «Ч æмæ ДЖ дзуаг æвзаджы»
- «Ирон орфографийы фарстытæ»
- «Терминологийы тыххæй»
- «Алфавиты унификацийы фарст» æмæ æндæртæ.

хатдзæгтæм:

1. Литературон æвзаг кæцы-фæнды адæмæн дæр у сæ культурæйы бындур.

2. Культурон прогрессы сæраппонд ирон адæмæн саразын хъæуы иумæйаг литературон æвзаг.

3. Уыцы литературон æвзаджы бындуры бавæрын хъæуы ирон диалект.

литературон зонынады бындурævæрджытæй иу. Зæрдиаг уацтæ ныффыста Хетæгкаты Къостайы, Гæдиаты Секъайы, Къубалты Алыксандры, Брытъиаты Елбыздыхъойы, Коцойты Арсены, Хъуылаты Созырхъойы А.Пушкины, М.Лермонтовы, Л.Толстойы, М. Горькийы æмæ æндæр фысджыты сфæлдыстады тыххæй.




сфæлдыстадæн. 1929-1930 азты рацыд чиныг «Хуссар Ирыстоны фольклор». Уыцы чиныгæн раздзырд æмæ литературон комментаритæ ныффыста Алыксандр.




# фольклор»-ы титулон сыф.




# Ирыст … езонæг институты «Уацхъуыдты» фыццаг цъар. Нывгæнæг Туганты Махарбег, 1925 аз.

æмдзæвгæтæ дæр. Уыдонæй иутæ мыхуыры фæзындысты. Тæлмац кодта уырыссаг æмæ гуырдзиаг литературæйæ. Уыдон мыхуыр цыдысты журнал «Фидиуæджы» (Панферовы роман «Бруски»-йæ хицæн сæртæ, Шкваркины пьесæ «Чужой ребенок»).



tonon orkestr (radt) cæhæ: Anthony zaraj, Ìrajy zaraj, Žilgæ Cæhdy fændyraj Mexdanty Æojsyn. Zary teatry xor.

2 bon iuuy 8 bony

Xussar Ìrystony teatry xord qazy „Kazbi"
Cægat Ìrystony vokalon kvartet zary: Lodyty zaraj, Tajmuraty zaraj, Coløjy zaraj, Mnuzyzcæzy, В бой, пролетарии!
Kafyne Gædzity V. æma Žyhuyrtaty O. Kafy xarebajy fyrt.

3 bon iuuy 9 bony

Cægat Ìrystony gyddyl formæty teatry xord ralæuuyd xolxadzon æma æfsæddon nomertimæ, qazy pjesa uuledzyjyon bæjtydy xabærTaj.
Cæg. Ìrystony vokalon kvartet zary: Tonamfadisonty mari, aslanbedzy zaraj, Saj.t

# Тыбылты Алыксандры къухфыст, 1933 аз.



937 азы Тыбылты Алыксандр репресситы арты басыгъд.



# Тыбылты (Джиоты) Меланиа, Алыксандры бинойнаг, (1884–1968).



Дзассохты (Тыбылты) Замирæт, Алыксандры чызг, биолог, (1916-1973)

**Гуытъиаты (Тыбылты) Аза, Алыксандры чызг, филологон зонæдты кандидат, (1920-…)**



Тыбылты Алыксандр ирон царды уыди цырагъдарæг æмæ амидингæнæг. Уый йæ рухс хъуыдыйæ бæрзонд кодта ирон культурæ, нæ дзыллæйы иудзинад æмæ адæмы фарн.